# 25.000

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№94 (25.000) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ







Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Гъэмахуэ гукъинэж йокIуэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр, узыншагъэм кIэлъыплъыныр зэрыщекIуэкIымкIэ цIыхухэм ядэгуэшащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**:

«РЕСПУБЛИКЭМ и лагерхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ сабий мини 6,5-м щIигъум зыщагъэпсэхуащ мы гъэм, - етх Iэтащхьэм. – КъинэмыщIауэ, фIагъ и лъэныкъуэкIэ зыми хуумыгъэдэфыну «Радуга» зыгъэпсэхупIэм сабий 1507-м я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъащ, абыхэм зи адэанэхэр зи гъусахэри яхэтщ.

Зэман дэкIмэ, республикэм къашэнущ ДНР, ЛНР щIыналъэхэм щыщ школакIуэ 1600-рэ, абыхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхунущ, я узыншагъэми щыкIэлъагъэплъынущ.

Адрейхэм япэ ирагъэщу, зыгъэпсэхупIэхэм кIуэн хуитыныгъэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэмрэ льготэ зиIэ унагъуэхэмрэ лъагъэс.

Къинэмыщlауэ, профучётым щыт сабийхэм папщIэ, «Атажукино» лагерым зыгъэпсэхугъуэ пIалъитI щызэрагъэпэщащ.

А Iуэху щхьэпэр ирагъэкIуэкI Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъунымкIэ министерствэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и къудамэм, «Пэрытхэр» зэгухьэныгъэм.

Мы гъэм гъэсэныгъэми гулъытэ нэхъ хуащIащ. Ди къэралым хабзэ зэрыщыхъуам хуэдэу, лагерхэм пщэдджыжь линейкэр Урысейм и гимнымкIэ къызэIуах. НыбжьыщIэхэр хэкупсэ акцэхэм, дзэспорт джэгухэм хэтщ, цIыху гъэщIэгъуэнхэм яхуозэ.

Шэч къытесхьэркъым гъэмахуэр сабийхэм я гум фIыкIэ къызэринэнум, ныбжьэгъущIэхэр къагъуэтауэ, я гум гуфIэгъуэкIэ зигъэнщIауэ, гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэжын хуэдэу».

● Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

# Анэдэлъхубзэр дгъэбзэрабзэрэ ди адэжьхэм я хабзэр зетхьэу

**Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ адыгэ газетым и 25 000 къыдэкIыгъуэр. Илъэсищэм щIигъуауэ къызыхэкIа лъэпкъым хуэпэж, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къэзыгъэлъагъуэ журналист щIэблэ куэд зэхъуэкIа хъуащ алъандэрэ. Газет напэкIуэцIхэр я дэIэпыкъуэгъуу дэтхэнэми лъэкI къигъэнакъым адыгэм и нобэрей гъащIэр ефIэкIуэн, абы и хабзэр, нэмысыр, зэхэтыкIэр, тхыдэр хъума хъун папщIэ.**

АДЫГЭ газетхэм я къежьапIэр хамэ щIыпIэрами (нэхъ цIэрыIуэр 1911 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2-м Тыркум къыщыдэкIыу щIэзыдза «Гъуазэ»-ращ), адэжь Хэкуращ абы лъабжьэ быдэ щигъуэтар. Къэрал тепщэныгъэ зэблэкIыгъуэм, 1917 гъэм и кIэухым, Бахъсэн къыщыунэхуа «Адыгэ макъыр» псынщIэу ужьыхыжами, совет властым зэрызигъэбыдэу 1921 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1-м дунейм къытехьащ «Красная Кабарда» газетыр. Урысыбзэрэ адыгэбзэкIэ тхьэмахуэм 3 къызэрыдэкIыр абы тетхат, арщхьэкIэ ди анэдэлъхубзэ хьэрфхэр иджыри зэрызэфIамыгъэувам, тхыгъэхэр зыгъэхьэзырынрэ тезыдзэнрэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу яхуэзэфIэкIакъым. Аращ иужькIэ къызытепщIыкIыжар Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту къыщыдэкI лъэпкъ щэнхабзэм къыгуэхыпIэ имыIэ ди «Адыгэ псалъэри», урысыбзэ зыIурылъхэм щIаджыкI «Кабардино-Балкарская правда»-ри.

1924 гъэм мазаем (февралым) и 3-м къэунэхуа «Къэрэхьэлъкъым» къыщыщIэдзауэщ адыгэ газетым и мин 25-рэ къыдэкIыгъуэр къызэрыдэдбжыр. Абы щыгъуэщ ди бзэкIэ тхыгъэхэр уэру къытехуэ щыхъуар, урысыбзэм дэщIыгъуу. ИужькIэ, 1925 гъэм и бадзэуэгъуэм (июлым) ирихьэлIэу балъкъэрыбзэмрэ татыбзэмрэ (бгырыс журтхэр зэрыпсалъэр) къыхэхъуэри илъэсиблкIэ дунейм къытехьащ зы газет къыдэкIыгъуэм ахэр зэдытету.

«Къэрэхьэлъкъыр» къызэрыдэкIа латин хьэрфхэр 1931 гъэм и мазаем (февралым) кириллицэкIэ яхъуэжа иужькIэщ адыгэхэми, балъкъэрхэми, урысхэми газет щхьэхуэ яIэ щыхъуар. «Ленин гъуэгум» дэщIыгъуу дунейм къытехьащ «Ленинчи жол»-мрэ «Ленинский путь»-мрэ. Дэтхэнэми, зей лъэпкъым елъытауэ, къалэн пыухыкIа иIэт, псоми я зэхуэдэхэм къыдэкIуэу.

Илъэсищэм щIигъукIэ адыгэ газетыр къызэрыдэкIа 25000-м къанэ щIагъуэ щымыIэу къызэщIиубыдащ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэ гуэр зиIэ Iуэхугъуэ псори: совет властым и тепщэныгъэр гъэбыдэныр, коллективизацэмрэ индустриализацэмрэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэмрэ фронтым зэрызищIагъэкъуамрэ, щIыналъэр зэрызэфIагъэувэжар, гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэр... Дэтхэнэр къыхэбгъэщын?! Псори мыхьэнэшхуэ зиIэт.

А псом къыдэкIуэу адыгэ газетыр хъыбарегъащIэ, ущиякIуэ, гъэсакIуэ къудейтэкъым. Ди лъэпкъэгъу куэдым япэщIыкIэ латиницэкIэ, иужькIэ кириллицэкIэ тхэкIэрэ еджэкIэрэ абы и напэкIуэцIхэм щызрагъэщIащ. Ноби аращ анэдэлъхубзэ къабзэм, адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, зэхэтыкIэм я хъумакIуэ нэхъыщхьэр.

Пэжщ, нэхъапэм хуэдэу газет напэкIуэцIхэм я закъуэкIэкъым иджы цIыхухэм хъыбар къазэрыIэрыхьэри, анэдэлъхубзэм зэрызрагъэужьри, къэхъукъащIэхэм зэрытепсэлъыхьри. ЩыIэжкъым чэзуушхуэ дызэрыгъэхъуауэ пщэдджыжьым жьыуэ киоскхэр къыщызэIуахынум е пощтзехьэм ар къыщытхуихьынум тепыIэншэу дежьэу дыщыщыта зэманыр. Иджы газет щащэ киоскхэри ахэр къытIэрызыгъэхьэ пощтзехьэхэри гъуэтыгъуейщ, аращ ди тиражхэр мащIэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри. Абы щыгъуэми гъащIэр йофIакIуэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэри нэхъыбэ мэхъу. Газетхэм къакIэлъыкIуащ радиор, адэкIэ къэунэхуащ телевиденэр, нобэ тепщэныгъэр интернетым иIыгъщ. АрщхьэкIэ абыхэм зым адрейр иригъэкIуэтэкIыу аракъым, атIэ нэхъыбэж къызэщIаубыдэ, къэухьым зрагъэубгъу. Аращ тхылъымпIэкIэ къыдэгъэкI газетхэм къадэкIуэу илъэс зыбжанэ хъуауэ электрон Iэмалхэр къэдгъэсэбпурэ адыгэбзэкIэ нэгъуэщI къыдэкIыгъуэхэри дунейм къыщIытедгъэхьэр. Къаптщэтэмэ, apkbr.ru хьэрфхэр интернетым къыщыпхьмэ, лъэпкъым, республикэм, къэралым, дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм кIэщIу анэдэлъхубзэмкIэ зыщыбгъэгъуэзэфынущ, зыубгъуауэ абы теухуа тхыгъэр къызытехуэну газетыр тхылъымпIэкIэ къыщыдэкIынум упэмыплъэу. Езы тхылъымпIэ газет дыдэми пщэдджыжьым социальнэ сетхэм укъыщеджэфынущ унэм ущIэсуи, лэжьапIэм ущыIэуи, гъуэгу утетуи... Ар тыншщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрыщIкIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я дежкIэ, псом хуэмыдэу хамэ къэралхэм щыхэхэс адыгэхэм папщIэ. ЩIалэгъуалэри нэхъ дэзыхьэхыр аращ – дэнэ щIыпIэ ущыIэми, жып телефон фIэкIа умыIыгъми, хъыбарыщIэхэм анэдэлъхубзэ къабзэкIэ защыбгъэгъуэзэфынущ. Апхуэдэу къызэдыдогъэгъуэгурыкIуэ тхылъымпIэми электрон Iэмалхэми я зэфIэкIхэр. А псори щIэтщIэжыр адыгэр адыгэбзэкIэ псалъэу, тхэуэ, еджэу, гупсысэу къэнэжын папщIэщ. Армырамэ, хамэм дахэшыпсыхьыжынущ, куэдым къазэрыщыщIам хуэдэу.

Адыгэ газетым сыт щыгъуи зэхущытыкIэ дахэ, хабзэ нэмыс щызокIуэ. Апхуэдэу щытащ нэхъапэми, иджыри аращ дызытетыр. Щылажьэхэри зи IэщIагъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI хэкупсэ защIэщ, лъэпкъ Iуэхур япэ ирагъэщрэ абы и къэкIуэну дахэм псэхьэлэлкIэ хуэлажьэу.

2003 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 5-м дунейм къытехьащ адыгэ газетым и къыдэкIыгъуэ мин 20-р. Абы лъандэрэ куэдым зихъуэжащ, ди къыдэкIыгъуэхэри нэхъ удэзыхьэх, купщIафIэ, щхъуэкIэплъыкIэ хъуащ. Иджыпсту дызэрыщытым дытетмэ, илъэс 32-рэ хуейщ мин 30-м дынэсыным. Ар къыщыхъуфынур 2058 гъэращ. ГъащIэри, шэч хэмылъу, къыпхуэцIыхужыну апщIондэхукIэ нэгъуэщIынущ. ДыщIохъуэпс узыншэрэ акъылыфIэу щIэблэ сыт щыгъуи къытщIэхъуэну, зэрыадыгэм иригушхуэрэ и Iуэхур ирагъэфакIуэу, анэдэлъхубзэр ягъэбзэрабзэрэ ди адэжьхэм я хабзэр зэрахьэу, абы щыгъуэми зэманым декIурэ къызыхэкIам и зыужьыныгъэм хуэлажьэу. ИтIанэщ и гъащIэр кIыхь щыхъунур лъэпкъми, абы хуэлажьэ ди газетми.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**,
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



## «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуэ мин 25-р нобэ дунейм къытехьащ. Ар къыдэзыгъэкIхэмкIи, елэжьхэмкIи, еджэхэмкIи лъапIэ а Iуэху дахэм теухуа хъуэхъу псалъэхэр мы махуэхэм къытIэрохьэ

**СОЛОВЬЁВ Владимир**,
*Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.*

# НэхъыфIхэм фыхабжэ



ПщIэ зыхуэтщI «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ гуп!

Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фи редакцэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэмрэ я гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ дахэмкIэ – адыгэ газетым и къыдэкIыгъуэ мин 25-р дунейм къызэрытехьам папщIэ.

Зыужьыныгъэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы и цIэр мызэ-мытIэу ихъуэжащ, ауэ зэхъуэкIыныгъэ зымыгъуэту къэнэжыр зыт - и лъэпкъым, щэнхабзэм, хабзэм хуэпэжу къызэрекIуэкIырщ. ЛIэщIыгъуэм щIигъуауэ къыдэкI адыгэ газетыр и щIэджыкIакIуэхэм мин 25-рэ яIэрыхьащ. Ар лъэхъэнэшхуэ къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэшхуэщ! ИкIи абы сытым щыгъуи цIыхухэм я деж хъыбар пэжыр нихьэсащ, литературэ бзэ къулейр «Iурылъащ», жылагъуэ Iуэху еплъыкIэр щызэфIэувэ утыкуу щытащ.

Iуэхум гукIи псэкIи фызэрыхуэпэжым, фIымрэ щIыхьымрэ зэрывгъэлъапIэм я фIыгъэкIэ, фэ фхузэфIэкIащ журналист IэщIагъэм къыпызыщэн щIэблэ фи ужь къивгъэувэну, зэпыщIэныгъэр фхъумэн, абы ипкъ иткIи, Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэ псом къыщыдэкI лъэпкъ газет нэхъыфIхэм фхуэфащэ дыдэу фахэтщ. Аращ газетым сыт щыгъуи хъыбарегъащIэ, публицистикэ къалэнхэм я мызакъуэу, узэщIыныгъэ, гъэсэныгъэ къалэнхэри щIигъэзэщIэфыр.

Сынывохъуэхъу творческэ гъащIэ кIыхь, насып фиIэну, журналист лэжьыгъэ мытыншым ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэрывгъэхьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ псоми – мамырыгъэ, зэIузэпэщыгъэ, ефIэкIуэныгъэ!

Ди республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI адыгэ газет закъуэр – «Адыгэ псалъэр» - хэкум, дунейм щыхъыбархэр къызэрытщIэ Iэмал къудейкъым, атIэ ар ди тхыдэщ, ди напэщ, ди блэкIам дыхэзыгъэгъуазэщ, къэкIуэныфIым дыщызыгъэгугъщ. Мы газетыр лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэ псори зыхъумэ лъапIэныгъэщ, уеблэмэ а псори зыгъэбагъуэщ, фIыр ди плъапIэу ипэкIэ дызыгъэкIуатэщ. Ди бзэм, ди хабзэм, ди нэмысым я къигъэхъуапIэ нэхъыщхьэщ ар нобэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а псори цIыхубэм я Iэпэгъуу щытынымкIэ къалэнышхуэ егъэзащIэ, адыгэм къыхуэсэбэпын, гъащIэ гъуазэ ищIын, Iущагъ къызыхихын тхыгъэ куэд къытохуэ.

Дэ адрейхэм дахуэдэкъым. Адыгэбзэр къэрал псом къыщагъэсэбэпу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, нобэ ар зэрыт щытыкIэм дегъэпIейтей, уеблэмэ анэдэлъхубзэр тIэщIокI жытIэу дегъэгузавэ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэтхэнэ адыгэри егупсысын хуейщ лъэпкъым и бзэр фIэкIуэдмэ, абы кърикIуэну насыпыншагъэм и инагъым, бзэншэ лъэпкъым къыпэщылъым. Аращи, лъэныкъуэкIэ ди лъэпкъэгъухэр зэрыгъуазэ хъун щIэнгъуазэщ адыгэ газетыр. Абы анэдэлъхубзэр сыт хуэдэ IэщIагъэ, IэнатIэ пэрытми Iурилъхьэфынущ, лъэпкъым къыдекIуэкI Iуэхухэм хишэфынущ. Лъэпкъыр зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, и щIэинхэр ихъумэу, и бзэр игъэшэрыуэу псэунымкIэ куэд хузэфIокI «Адыгэ псалъэм». Си щхьэкIэ, дэтхэнэ зыри къыхузоджэ газетыр и унагъуэ къихьэным, щIэблэм егъэщIэгъэкъуэнышхуэ къызэрытхуэхъур щIэблэми ящIэну сыхуейт.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**, *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Ди тхыдэщ, ди напэщ



цIыхуным, лъэпкъыбзэкIэ къытехуэ хъыбархэм зыщигъэгъуэзэным.

Дызыхэс къэралым нобэ къыдит Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу ди лъапIэныгъэхэр хъумэн, зегъэужьын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Дэ зыми къытпиубыдыркъым ди лъэпкъ Iуэхур дгъэкIуэтэнри, ди бзэр зетхьэжынри. Ауэ адыгэбзэр зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зэрыхэмытым щхьэкIэ, ныбжьыщIэхэм тIэкIу Iэпэдэгъэлэл ящIу гу лъыдотэ. Мыр баш текъузэ хэмыту, псом япэ ибгъэщу пщIэн хуей бзэщ, укъызыхэкIа лъэпкъым узэрыщыщыр къызэращIэ нэщэнэщи. АбыкIэ «Адыгэ псалъэр» щIэгъэкъуэнышхуэ къызэрытхуэхъур щIэблэми ящIэну сыхуейт.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр быдэу пыщIауэ долажьэ газетым, ар ди Iэнэм темылъу зы зэIущIи едгъэкIуэкIыркъым. Къапщтэмэ, Хасэшхуэм и пщэ дэлъ къалэнхэм щыщи егъэзащIэ абы, дэнэ щыпсэу адыгэри зэпещIэ, я хъыбархэр зэIэпах, щIэджыкIакIуэхэр щагъэгъуазэ. Зи гугъу сщIым и щапхъэщ илъэсипщI бжыгъэ лъандэрэ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI адыгэ газетхэмрэ «Адыгэ псалъэмрэ» къыдэкIыгъуэ зэгуэтхэр зэрагъэхьэзырыр. Абы къибгъуэтэнущ лъэпкъым и лIы щэджащэхэм, бзылъхугъэ пэрытхэм, Iуэху нэхъыщхьэу зи ужь дитхэм ятеухуахэр, нэхъыщхьэращи, нэгъуэщI республикэхэм, къэралхэм ди лъэпкъэгъухэм щаIэ щыIэкIэ-псэукIэр убгъуауэ ди пащхьэ кърелъхьэ.

«Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ» - жеIэ адыгэм. Ди зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэ мы газетыр диIэхукIэ, Хасэшхуэр лэжьэхукIэ, адыгэм и лъэпкъ зэхэщIыкIыр ихъумэхукIэ, адыгэри щыIэнущ.

Сэ сыхуейт япэ махуэхэм щыщIэдзауэ газетыр зэфIэувэным, гъэхьэзырыным, къыдэгъэкIыным елэжьахэм, иджыпсту зи гуащIэ езыхьэлIэхэм фIыщIэ ин яхуэсщIыну, газетым къэкIуэн дахэ иIэну сахуэхъуэхъуэну! Сыт хуэдэ Iуэхуми псэ хэзылъхьэр, и пщIэр къэзыIэтыр абы елэжь цIыхухэращ. Ди лъэпкъ газетым нобэ щылажьэ дэтхэнэ зыми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, гъащIэ зэIузэпэщ яIэну!

**БОЗИЙ Аскэр**,
*КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр.*

# ЩIэджыкIакIуэхэм я дзыхь къывагъэз



«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху дахэмкIэ - газетым и номер мин 25-р къызэрыдэкIамкIэ - сынывохъуэхъу. А бжыгъэм и щIыбагъ къыдэтщ газетым республикэм и гъусэу къикIуа гъуэгуанэшхуэр, лъахэм и щыIэкIэ-псэукIэм хэту, къэхъукъащIэхэм щыхьэт техъуэу.

Мы къыдэкIыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ тхыдэтх нэхъыщхьэхэм хабжэ. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ хьэлэлу фызэрылажьэм, цIыху щэджащэхэм гулъытэ зэрахуэфщIым, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм зэрызыдевгъэкIум, анэдэлъхубзэр хуэсакъыу зэрыфхъумэм къыхэкIыу, щIэджыкIакIуэхэм я дзыхь ин къэвлэжьащ.

Дэтхэнэ номерми нэрылъагъу щохъу лъэпкъ хабзэм пщIэ зэриIэр, псалъэм блэкIамрэ къэкIуэнумрэ я пащхьэ жэуаплыныгъэ зэрыщихьыр.

Псом хуэмыдэу лъапIэщ хъыбар зэмылIэужьыгъуэу къыфIэрыхьэм пэжыр къызэрыхэфхыфыр, акъыл гъэтIысакIэ Iуэхум фызэрыбгъэдыхьэр, гупсысэ убзыхуарэ еплъыкIэ зэпэшэчарэ лэжьыгъэм зэрыхэфлъхьэр.

Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу редакцэм лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн, журналист ехъулIэныгъэ куэд дяпэкIи къызэрыфпэщылъыр. IэщIагъэм фыщIригушхуэн щхьэусыгъуэ куэд Тхьэм къывит! Номер къэс щIэджыкIакIуэхэм ягу дыхьэу, республикэм щекIуэкI гъащIэр ефIэкIуэным сэбэп хуэхъуу вгъэхьэзырыныр Тхьэм къывигъэхъулIэ! Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну си гуапэщ.

# Хъуэхъу Хъуэхъу Хъуэхъу Хъуэхъу Хъуэхъу Хъуэхъу

**МЭЩЛIЭКЪО Саид,**
*«Адыгэ макъ» гъэзетым и редактор шъхьаI.*

## Инеущырэ мафэ кIыхьэнэу



Я 25000-рэ къыдэкIыгъу! Сыд фэдиз журналист лIэужа ащ дэлэжьагъэр ыкIи шъолъырым итарихъ сыд фэдэу къыщытыгъа? Щэч хэлъэп, цIыф щыIэныгъабэ зэрипхыгъ, Къэбэртэе-Бэлъкъарым илъэс зэкIэлъыкIохэм къырыкIуагъэр рызэбгъэшIэшъущт. Джащ фэд имэхьанэ лIэшIэгъум къехъугъэу къыдэкIырэ гъэзетым, ар - гъуазэ, ар - лъэпкъым игъундж, икультурэ, ишэн-хабзэхэм, ыбзэ, итарихъ яухъумакIу.

Непэ «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэрэм зэрифэшъуашэу апэ итыгъэхэм яIоф лъагъэкIуатэ, лъэхъанэм диштэрэ шапхъэхэр агъэфедэхэзэ, япшъэрылъ лъэпкъми, республикэми апашъхьэкIэ агъэцакIэ.

Адыгэ Республикэм илъэпкъ гъэзетэу «Адыгэ макъэм» Iоф щызышIэхэрэм ацIэкIэ сигуапэу сышъуфэгушIо гъэзет тедзэгъум ипчъэгъэ дахэу ижъугъэкъугъэмкIэ! Псаунигъэ шъуиIэу, дунаир мамырэу, шъуиунагъохэм щыIэкIэшIу арылъэу джыри илъэсыбэрэ шъуикIэсэ Iофым гъэхъагъэхэр щышъушIыхэзэ шъурылэжьэнэу, хэутын къэбарлъыгъэIэс амалым инеущырэ мафэ кIыхьэнэу сышъуфэлъаIо!

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ,**
*«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ.*

## Сыт щыгъуи щIэщыгъуэ



Ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкI псалъэ гуапэхэмкIэ зыфхудогъазэ фIыщэу тлъагъу газетым - «Адыгэ псалъэ»-р къыдэкIын зэрыщIидзэрэ и бжыгъэр мин тIощIрэ тхурэ зэрырикъуамкIэ!

Зэман зэхуэмыдэхэм къыдэкIыгъуэм зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтурэ къекIуэкIащ. Ауэ зызымыхъуэжу къэнар газетым - къэралым, жылагъуэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм гумызагъэу, пщIэ хуащIу зэрыхущытыр, адыгэхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэми я щэнхабзэхэр хъумэным гуащIэшхуэ зэрыхуигъэтIылъраращ.

Сыт щыгъуэ пIалъи газетым и нэIэм щIэтащ, ноби щIэтщ Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэин лъапIэр, адыгэу дунейм тетым я щыIэкIэ-псэукIэр, зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ къэзыгъэлъагъуэ щытыкIэхэр. Газет къыдэкIыгъуэ къэс и щIыбагъ къыдэтщ журналистхэм, сурэттеххэм, редакторхэм, дизайнерхэм, уеблэмэ типографием и лэжьакIуэхэм зэдаIуэ Iуэху гугъу дыдэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыми пхуемыгъэщхь къыдэкIыгъуэщ. Абы езым и теплъэ, и купщIэ гъэщIэгъуэн иIэжщ. ХузэфIэкIащ абы къилъэщын пщIэрэ щIыхьрэ, и напэкIуэцIхэм къэралым, республикэм, лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэхэр щигъэлъапIэкIэрэ, щиIэткIэрэ, цIэрыIуэ щищIкIэрэ. КъыдэкIыгъуэ мин тIощIрэ тхурэ ирикъуар - дзыхь зыхуащI, сыт щыгъуи щIэщыгъуэ къыздыраджыкI, адыгэ псалъэр икъукIэ здагъэшэрыуэ газет нэгъэсащ.

Газетым и цIэр игъэIуащ IэпщIэлъапщIагъ ин зыбгъэдэлъ журналистыфIхэмкIэ къыдэкIыгъуэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэмкIи нэхъыжьхэм я Iуэху зэхэщIыкI лъагэр кърамыгъэхуэхыу, ар щапхъэ яхуэхъуу нобэ абы и лэжьыгъэр пызыщэ гуп зэгъэпэщамкIи. Газетым щылажьэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм, шэч хэмылъу, къыдэкIыгъуэм и пщIэр лъагэу еIэт, и цIэр адыгэ зыщыпсэу хэгъэгухэм, къэралхэм щегъэIу. «Адыгэ псалъэ»-м и журналистхэм я ехъулIэныгъэхэм дрогуфIэ. Ахэращ газетым и пщIэр зыIэтыр, цIэрыIуэ зыщIыр. Апхуэдэхэр нэхъыбэж фхуищI!

«Черкес хэкумрэ» «Адыгэ псалъэмрэ»-дяку дэлъщ лIэщIыгъуэм щIигъу зэныбжьэгъугъэ, зэдэлэжьэныгъэ купщIафIэ. ДяпэкIи нэхъри Тхьэм дригъэфIакIуэ, ди зэпыщIэныгъэр кIыхь тхуищI!

ЕхъулIэныгъэ фыщымыщIэу, газетым и пщIэм хэхъуэу, фи къарур мыкIуэщIу, узыншагъэ быдэ фиIэу, зывужьу, фIым фыхуэпабгъэу лъэпкъым, къэралым, хэгъэгум гукъыдэж фиIэу фыхуигъэлажьэ! «Адыгэ псалъэ» газетыр и Iэпэгъуу лъэпкъыр гъэ минхэмкIэ дунейм тригъэт!

**ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий,**
*ЩIДАА-м и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор.*

## ДяпэкIи дызэдэлэжьэну, дызэкъуэту!



ДызыхэпсэукI зэман хьэлъэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я зыужьыгъуэм дызытегузэвыхь анэдэлъхубзэр хъумэным, ар гъэкIуэтэным хуэлажьэ адыгэ газетыр къызэрыдэкIрэ илъэси 100-м щIигъужащ. Нобэ догъэлъапIэ абы и мин 25-нэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьар.

ЗэрысщIэжрэ, ди унэм сытым дежи илъащ «Адыгэ псалъэ» газетыр. БлэкIа зэманымрэ си сабиигъуэ IэфIымрэ я фэеплъу нобэр къыздэсым сохъумэ адыгэ газетым и къыдэкIыгъуэ мин бжыгъэхэр.

ЩIыналъэ экономикэмрэ политикэмрэ я закъуэ мыхъуу, адыгэ щэнхабзэм, тхыдэм, щIэныгъэм, хабзэм, щIыуэпсым ухэзыгъэгъуазэ, лъэпкъ хугъуэфIыгъуэм и хъумакIуэ газетыр сытым дежи гъэнщIауэ щытащ тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ. ФIыщIэ яхузощI газетым и унафэщIу ар нобэм къэзыхьэса редактор Iэзэхэмрэ корреспондент зэчиифIэхэмрэ. Гулъытэ лей яхуэфащэщ плIанэпэ щхьэхуэу къыдэкI унэтIыныгъэхэр зыгъэхьэзырхэми. ГъэщIэгъуэныщэщ «Махуэку», «IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ», «ЩIыуэпс», «ЦIыкIураш», «Ислъамым и нур» плIанэпэхэр.

ЖыпIэнуракъэ, гъащIэм и сыт хуэдэ унэтIыныгъэри къызэщIэзыубыдэ, зэи узытемызашэ газетщ «Адыгэ псалъэр».

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу «Адыгэ псалъэ» газетым и мин 25-нэ къыдэкIыгъуэр лъэпкъым зэрытлъэгъуамкIэ. ИкIи фIыщIэ хузощI абы елэжь дэтхэнэ зыми. Дэ, адыгэ щIэныгъэр зыгъэкIуатэ зэгухьэныгъэр, жыджэру дыдолажьэ щIыпIэ къыдэкIыгъуэхэм. Гуапэ мыхъуу къанэркъым ди сыт хуэдэ зэIущIэми «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэр зэрыхэтыр, ди лэжьыгъэм теухуа тхыгъэхэр кIэщI-кIэщIуурэ газетым къызэрытрадзэр. Ар адыгэбзэкIэ къыдэкI газету зэрыщытым нэхъри дегъэшхуэ. Зы Iуэхущ дызэлэжьыр, лъэпкъ щэнхабзэр, щIэныгъэр, бзэр, тхыдэр дгъэкIуатэу аращи, дяпэкIи зэпыщIэныгъэ быдэ дяку дэлъыну, адыгэбзэ Iурылъу зы адыгэ дунейм тетыху «Адыгэ псалъэ» газетри щыIэну сохъуахъуэ!

**ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,**
*РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор.*

## Ди IуэхущIэгъу лъапIэхэ!

Гуманитар щIэныгъэхэм я лэжьакIуэу ди республикэм исхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ ныфхудощI икIи гъунапкъэ дахэу фызылъэIэсам ехъулIэныгъэ нэхъыбэж къыфхудэкIуэну дынывохъуэхъу!



ЦIыхубэр зытехьа гъуэгур нэхурэ бзыгъэу щытыныр, мы дуней дызытетым дэнэ сыт къыщыхъуами, хэт сыткIэ къыхэщами, сытыр пэжыгъэми, сытыр гъуащагъэми, сыт хуэдэхэр хъуэпсапIэми зэIубз щIыныр – а псори елъытащ фэ фызыпэрыт IэнатIэм. Абы хэту, дэри зыгуэр къыщыдэхъулIэкIэ, япэ дыдэу ди хъыбарыр зыгъэIури дэ зызыхуэдгъазэ хабзэри фэращ, мин 25-нэ къыдэкIыгъуэр нобэ зыгъэлъапIэ «Адыгэ псалъэ» газетращ, адыгэ псоми ди газет лъапIэращ. Ди анэдэлъхубзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэузэщIынымкIэ къалэнышхуэу фи пщэ дэлъыр къывэмыхьэлъэкIыу зэрывгъэзащIэр, абыкIэ фи япэ итахэм я гъуэгум пэжу фызэрытетыр лъэпкъым дежкIэ дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

Ди Хэкум япэ дыдэу адыгэбзэкIэ газет къыщыщыдэкIамрэ япэ дыдэу ди деж щIэныгъэхутэ институт къыщыунэхуамрэ зэгуэх ямыIэу зэгъусэщ, сыту жыпIэмэ, абыи мыдрейми я псынащхьэм Iутахэщ лъэпкъым и узэщIакIуэ пашэхэр, зи цIэ лъапIэр жыжьэ Iуа лъэпкъылIхэр. А зэманым щегъэжьауэ, ди IуэхущIафэхэр зэтемыхуэми, дэ дызэдогъуэгурыкIуэ, зыр адрейм и щIэгъэкъуэн пэжу, зым къехъулIэм адрейр иригуфIэу, иригушхуэу, ирипагэу. Уеблэмэ къыщыхъу щыIэщ, ди лэжьэгъу гуэр фи дежкIэ некIуэкIыжу журналист ахъырзэман щыхъуи, фи лэжьэгъуу къежьар ди деж щIэныгъэ Iуэхум щыдишэхрэ профессор къыщищIыкIи. А Iуэхугъуэхэри дэ зым - лъэпкъыбзэр, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным - зэгъусэу дызэрытелажьэм и нэщэнэ дахэщ.

Лъэпкъым, къэралым псэ хьэлэлкIэ фахуолажьэри, дынывохъуэхъу фызыпэрыт IэнатIэм нэхъри фыщефIэкIуэну, нэхъыбэж къыщывэхъулIэну, цIыхубэр хъыбарыфIкIэ куэдрэ вгъэгуфIэну!

**КЪАРДЭН Мусэдин,**
*КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат.*

## Бзэр гъадэщIыдэ зыщIхэм



«Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ», – жеIэ адыгэм, ауэ ар ехьэлIакъым «Адыгэ псалъэ» газетым. КъыдэкIыгъуэ мин тIощIрэ тхур махуэ къэскIэ тебгуэшэжу щытмэ, зы цIыху гъащIэ псо хуэдиз мэхъу. Газетым ныбжьышхуэ иIэ хъуами, Бэдынокъуэ нарт-хэм къахилъхьа хабзэм тету, IэщIыб умыщIу пхъумэну зыхуэфащэщ абы и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри. Лъэпкъым и гъащIэр сыт и лъэныкъуэкIи къэзыгъэлъагъуэ газетым ибгъуэтэнущ чэнджэщ куэд, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр, упщIэ гъунэншэхэм я жэуап зэхэхахэр, ди тхакIуэ-усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI телъыджэхэр, щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэхэр, спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щыIэ ехъулIэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Газетым и зы редактор нэхъыщхьэм нэхърэ адрейм нэхъыфIыжу Iуэхур зэтриублэурэ 21-нэ лIэщIыгъуэм къэсащ. Нобэрей гъащIэу бжьыхьэ уафэм хуэдэу зызыхъуэжым, сыт хуэдэ IуэхущIапIэри гугъу ирегъэхь. Ар къыщымыувыIэнукIэ, «зэманым декIур лIыфIщ» жыхуиIэм хуэдэу, удекIэрэхъуэкIын хуейщ. Лъэхъэнэм зыдрагъэкIуу, Iуэху зехьэкIэщIэхэм къакIэрымыхуу газетым и къыдэкIыгъуэхэр зэдэууэ, зэблэмыууэ ягъэхьэзыр «Адыгэ псалъэ» газетым нобэ и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жыласэ Заурбэчрэ абы и унафэм щIэт гупымрэ.

ЛъэпкъыбзэкIэ къыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетымрэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэмрэ илъэс куэд хъуауэ я IуэхущIафэхэмкIэ зэрыщIэу зэдолажьэ. Адыгэбзэ къудамэм и бакалавриатым и 4-нэ курсым щIэсхэмрэ магистратурэм и япэ илъэсым щеджэхэмрэ газетым и редакцэм практикэ щрахьэкI: къыдэкIыгъуэхэр зэрагъэхьэзырым, ахэр стилистикэ и лъэныкъуэкIэ зэпIэзэрыт зэращIым, тхыгъэхэр зэпэщу зэрапсыхьым, статьяхэр къызэраугъуейм щыхуагъасэ. ЕджапIэр къыщаухым деж, хабзэ зэрытхуэхъуауэ, къэралым къызэригъэпэщ комиссэм хэтыну къыдогъэблагъэ газетым и IэщIагъэлI нэхъыфIхэм ящыщхэр, журналист IэкIуэлъакIуэхэр. Практикэм щыIэхукIэ къацIыхуа студентхэм я диплом, магистр лэжьыгъэхэм яфIэфIу, дихьэхыу хоплъэ ахэр икIи еджакIуэ зыбжанэм я къэхутэныгъэхэм щыщ Iыхьэхэр «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм зэрыщытлъагъури ди гуапэ мэхъу.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу «Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэ псоми сохъуэхъу я лъэр жану, я бзэр дахэу, я жыIэ жыжьэ Iууэ, гукъеуэр я мащIэу, зытетхыхьын я куэду узыншэу иджыри къыдэкIыгъуэ минхэр дунейм къытрагъэхьэн яхузэфIэкIыну.

**ПЩЫБИЙ СулътIан,**
*УФ-м и Журналистхэми ТхакIуэхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, лэжьыгъэм и ветеран*

## ГъащIэм ухуегъэIущ, щIэблэр еущий



Зи мин тIощIрэ етхуанэ къыдэкIыгъуэр нобэ дунейм къытехьэ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм ди гуапэу дынывохъуэхъу сэри си унагъуэм исхэри. ФынасыпыфIэу къызолъытэ лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэр, Тхьэр фIыкIэ зыхуэупсэнхэр, сыту жыпIэмэ, лъэпкъым ухуэлэжьэныр пщIэшхуэ зыпылъщ.

Курыт еджапIэм сыщыщеджа зэманым къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым газетыр си Iэпэгъущ, ныбжьэгъуфIу сиIэщ. Абы сыщемыджар дзэ къулыкъур щесхьэкIа къудейрщ. Газетым седжэ къудейм къыщымынэу икIи куэдрэ си тхыгъэхэр къытехуащ абы и напэкIуэцIхэм, и къуажэ корреспондент нэхъыфIхэм сыхабжэу. Нобэми къытрадзэ си IэдакъэщIэкIхэри, абыи срогушхуэ.

«Адыгэ псалъэм» куэдым гу лъыуегъатэ, гъащIэм ухуегъэIущ, щIэблэр еущий, Iейм зыпыIудзын, хьэл-щэныфI, хабзэ, нэмыс, гулъытэ уиIэн зэрыхуейр уигу къегъэкIыж. Газетыр икIи егъэджакIуэщ, дэIэпыкъуэгъуфIщ. Аращ сэ тхакIуэ къысхэзыщIыкIар. ФIыщIэ яхуэсщIу, гуапэу сигу къызогъэкIыж газетым нэхъ пасэу щылэжьахэр, берычэт бесын вжызоIэ нобэ ар къыдэзыгъэкIхэми!

Газетыр фIыуэ щIэплъагъун куэд щыIэщ. Псом ящхьэращи, ар къызэрыдэпсалъэр ди анэдэлъхубзэрщ. Езым къыпхуиIуатэхэр уи гум къишхыдыкIыу цIыхур зыхуейщ. Сыдихьэхыу соджэ, унэм щIэсхэми ягу ирохь «Малъхъэдис», «Ислъамым и нур», «Махуэку», «Си еджапIэ - си къежьапIэ», «IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ» напэкIуэцIхэр. Абыхэм псэуныгъэмкIэ, цIыху къабзэ гъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. «Адыгэ псалъэм» гулъытэшхуэ хуещI щэнхабзэм, гъуазджэм, бзэм, щIэныгъэм зегъэужьыным. Абыхэм я лэжьакIуэ пашэхэм гуапэу ятопсэлъыхь, цIыхубэр нэгъуэщIхэми щыгъуазэ ещI. А тхыгъэхэм сэ нэIуасэ сыхуащIащ ди лъэпкъым къыхэкIа, лэжьыгъэшхуэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа цIыху щыпкъэ куэдым.

Апхуэдэу газетым сыхуэарэзыщ зи ныбжь хэкIуэтахэм, хуэмыщIахэм, сабийхэм гулъытэ зэрахуищIым папщIэ. Абыхэм ятеухуауэ къыдокI напэкIуэцI хэхахэри, удэзыхьэх, бзэ дахэкIэ тха тхыгъэхэр тету. Ахэр тхуэзыгъэхьэзыр лэжьакIуэхэм фIыщIэшхуэ яхузощI, дяпэкIи куэдрэ дагъэгуфIэну сащогугъ. Аращ гъэ къакIуи къысIэрыхьэн хуэдэу «Адыгэ псалъэм» Iэ щIытездзар.

Сыт сэркIэ «Адыгэ псалъэр»? А упщIэм и жэуапыр сэ нэсу щызыхэсщIэр газетыр къыщысIэрымыхьэ махуэрщ. Сыту жыпIэмэ, а махуэм сэ уэршэрэгъуи чэнджэщэгъуи симыIэу къысщохъу. Абы сыхуэныкъуэщи, сынокIуэкI-сыкъокIуэкI. ЗыгуэрхэмкIэ зытезгъэуну сыхуежьэми, газетыр щысIэщIэлъым хуэдэ гупсэхугъуэ зыми къызитыркъым. Абы къысхуихь хабзэ хъыбархэр зыми сщагъэгъупщэркъым.

Псалъэм папщIэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм сабийхэр зэрытезгъэун, Iущыгъэ зэрахэспщэн а газетым къысхуехь. АдыгэбзэкIэ емыджэф си гъунэгъухэм ди хабзэхэм, диным, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ къызат упщIэ къомым я жэуап дэнэ къисхынт, «Адыгэ псалъэр» си Iэпэгъуу щымытамэ?! ПолитикэмкIэ, лъэпкъ IуэхухэмкIэ зэрыгъэлъэгуажьэхэм сахыхьэми, си псалъэ яхэслъхьэфын хуэдэу, дунейм къыщекIуэкIхэми щыгъуазэ сещI газетым. «Мыр дауэ? Мы къэхъукъащIэм дэркIэ сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ?» - жаIэмэ, си Iуэху еплъыкIэр хьэзырщ. ФIыуэ тлъагъу ди газетым «Махуэку» напэкIуэцIыр тхуимыгъэхьэзырмэ, дунейм и щIыпIэ куэдым къыщекIуэкIхэм дыщимыгъэгъуазэмэ, абыхэм я пащхьэ сыт щыжысIэфыну пIэрэт? Апхуэдэу ди чэнджэщэгъущ, ди унэтIакIуэщ, ди егъэджакIуэщ газетыр.

КIэщIу жыпIэмэ, пасэрейм жыхуиIа «Зэманым декIур лIыфIщ» псалъэжьым тетщ газетыр – ар сытым дежи гъащIэм добакъуэ, зы гъэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ ефIакIуэурэ. Мис абыхэмкIэ «Адыгэ псалъэм» уетхьэкъу, узыIэпешэ - ныбжьэгъу пэжу къыпхущытщ.

Тхьэм фригъэфIакIуэ илъэсищэм щIигъуауэ къыдэкI, мин тIощIрэ тхурэ хъуауэ ди унагъуэхэм къихьэ газетым и лэжьакIуэхэр! Иджыри апхуэдиз гъащIэ Тхьэм къыхупищэ «Адыгэ псалъэм», и тиражым хэхъуэ зэпыту, гуфIэгъуэ хъыбар куэд къытхуихьу!

**ЛIУП Нурхьэлий,**
*Джэрмэншык къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, жылэм и ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.*

## ФIыщIэ фхузощI журналистхэм



Гум щызгъафIэ си анэдэлъхубзэ дахэр Iэпэгъу схуэзыщIахэм ящыщщ си цIыкIугъуэм къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсым сигуми си псэми дыхьэу сызэджэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэмрэ. Дапщэщи щIэщыгъуэ сщыхъуу си пкъым зы хуабэ гуэр кърихьэу сыкъоджэ абы ит тхыгъэ хьэлэмэтхэм. Зы махуэ ар къысIэрымыхьамэ, схуримыкъур сымыщIэу сыкъонэ. Си тхыгъэхэр илъэс куэдкIэ къытехуащ сытым щыгъуи си Iэпэгъу «Адыгэ псалъэ» газетым. Иджы си къарум къызэримыхьыжым къыхэкIыу сытхэжыфыркъыми, аращ си гукъеуэр. Зи къыдэкIыгъуэр къысхуэмыгъэсу си унагъуэм къихьэ газетым итхэм унэм щIэс цIыкIухэр зэрыщызгъэгъуэзэным сыхущIокъу.

ЩIалэгъуалэм зыхедгъэщIэн хуейщ ди адэжьхэм лIэщIыгъуэ куэдым къыкIуэцIраха ди бзэмрэ хабзэмрэ къызытещ ди лъэпкъ газетымрэ «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэмрэ ярыт хъугъуэфIыгъуэхэм.

КъинэмыщIауэ, «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа тхылъыр къысхуагъэфэщауэ щытащ, «ди газетым и ныбжьэгъу пэж ЛIупI Нурхьэлий» жиIэу тету, редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч и Iэр щIэлъу.

Сынывохъуэхъу, ди лъэпкъ газетым и къыдэкIыгъуэр бжыгъэ дахэ зэрыхъум папщIэ. Ар зыхуей хуэзэу, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ, къыдэзыгъэкI журналистхэм фIыщIэ ин фхузощI. Узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэу, фызыхуейм фи Iэр техуэу, фи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэр дывгъэгуфIэу, лъэпкъым и къуэпсыр вгъэбыдэу фи IэнатIэм фыпэрытыну си гуапэщ.

**КЪАРДЭН Мухьэмэд,**
*Лэжьыгъэм и ветеран, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт,«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэ, и ныбжьэгъуфI.*

## Си щIалэгъуэм хэсша лъагъуэ



Си гъащIэм сриплъэжмэ, схужыIэнукъым си мурадхэм Iэпэ угъулыкIэ сытемыIэбауэ. Сыхуеджащ къуажэмкIэ сэбэпынагъ зыпылъ, си унагъуэмкIи щхьэпэ IэщIагъэм. «Хуэмыхущ», - къысхужамыIэу, япэ итхэр зылъэщIызмыгъыхьэу есхьэIащ дохутыр IэщIагъэ гугъур, куэдрэ утыкушхуэхэм срашащ пщIэ къысхущIу. ЩIыхь, фIыщIэ тхылъ жыпIэми си папкIэхэм Iуву дэлъщ, си лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу къызатауэ. Унагъуэ хъарзыни зэзгъэпэщащ, бын тэмэми щхьэгъусэмрэ сэрэ зэдэтпIащ, псэуху адэ-анэри сэркIэ гушхуащ, къысхуэаразыуи дунейм ехажыхэщ. Ныбжьэгъу пэжи, къуэш гумащIи, шыпхъу гуапи Тхьэм къызитащ.

АтIэми, сызэплъэкIыжмэ, хъуэпсапIэ нэхуу сиIар псым хэс бдзэжьейуэ къысфIыдосей. Ар сыт хуэдэт жыпIэрэ укъызэупщIмэ, сызэрысабийрэ си нэр къыхуикIырт журналист IэщIагъэм, сыхуейт газетхэм сыщылэжьэну, си тхыгъэ куэд газетхэм, журналхэм къытехуэу цIэрыIуэ сыхъуну.

Си гур дапщэщи зыхуеIэу дунейм сытет журналист IэщIагъэм сыхуеджэну къызэхъулIакъым - щIэтIысхьэгъуэм щхьэусыгъуэкIэ сыкъыкIэрыхуащ. ИужькIэ нэгъуэщI IэщIагъи зэзгъэгъуэтащ, ауэ дапщэщи: школым сыщыщеджа илъэсхэми, еджапIэ нэхъыщхьэм сыщыщIэсами, дзэм къулыкъу щысщIэу сыщыщыIами, кIэщIу жыпIэмэ, си гъащIэ псор газетым епха хъуащ, тхэнри зэи IэщIыб сщIакъым. СощIэж си япэ тхыгъэр «Адыгэ псалъэ» газетым къыщытехуам сэ къэзгуфIар зыхуэдизыр, си фIэщ хъуртэкъым сыкъэзымыцIыхуа Бахъсэн аузым дэсу! СэркIэ газетыр апхуэдизкIэ лъапIэти, си пIэщхьагъым щIэлъу жэщ куэдкIэ сыжеящ. Абы щыгъуэ хэсша, зызэспщыта лъагъуэм нобэм къэсыхукIэ сытетщ.

Колхозым сыщымылэжьэжми, пенсым сыщысми тхэныр зэи IэщIыб сщIакъым, сщIынуи мурад сиIакъым сыпсэуху. Мин 25-нэ къыдэкIыгъуэр нобэ зыгъэлъапIэ «Адыгэ псалъэм» куэдрэ къытехуащ (ноби аращ) си къалэмыпэм къыпыкIа, цIыху лэжьакIуэ куэдым ятеухуа очеркхэр, статьяхэр, гукъэкIыжхэр. Унагъуэ куэди игъэгуфIащ а газетым къытрезгъэдза я унэгъухэм я цIэр цIыхухэм зэращызмыгъэгъупщэм.

Си Iэзагъым хэзгъахъуэ зыпытурэ, зеспщыту щIэздзащ рассказ, повесть хуэдэхэм. Абыхэм сытрагъэгушхуащ ди республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм и щIэджыкIакIуэ пэжхэм, си IэдакъэщIэкIхэр ягу ирихьу жаIэурэ. Апхуэдэ си тхыгъэхэу газетеджэхэр зытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Пщэдджыжь яуIа», «Минэ», «Нэпс», «Къафэм и къарур», «Гладиатор», нэгъуэщIхэри. «Адыгэ псалъэм» къытехуа си тхыгъэхэр зэхуэсхьэсыжри тхылъ зыбжанэ дунейм къытезгъэхьэжащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и фIыгъэщ си цIэр илъэс куэд лъандэрэ ди республикэм и гезетеджэхэм я пащхьэм хэIущIыIу зэрыщыхъуар. Газетым щылажьэ IэщIагъэлIхэм я чэнджэщ щхьэпэ куэд ноби тхыгъэхэм къыщызогъэсэбэп. Абыхэм ящыщ дэтхэнэм и псалъэри сэркIэ лъапIэщ.

Си хъуэпсапIэр къызэмыхъулIами, ар къызбгъурыт дыдэу, си гъащIэм хэту сыкъэгъуэгурыкIуащи, ар Алыхьыр къызэрысхуэупса насып Iыхьэу къызолъытэ. ФIы дыдэу слъагъу «Адыгэ псалъэр» газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми сожьэ, зи къэшэгъуэ щIалэр фIыуэ илъэгъуа пщащэм зэрыпэплъэм хуэдэу. Зы хьэрф къэзмыгъанэу соджэ зи чэзу къыдэкIыгъуэм ит псоми - а газетым си гъащIэр нэхъ кIыхь ищIу къысщохъу.

Мин 25-рэ къыдэкIыгъуэр сэркIэ лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нобэм къэсыху къыдэкI номерхэм сэри си IэдакъэщIэкI тетащ, цIыхухэм сакърыгъэцIыхуащ, фIыуэ сарыгъэлъэгъуащ. Сехъуэхъуну сыхуейщ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ псоми узыншагъэ быдэкIэ, ехъулIэныгъэ инкIэ, зэфIэкI куукIэ Тхьэр къахуэупсэну. Псоми фIыуэ тлъагъу газетыр зэи мыкIуэдыжыну, унагъуэ къэс хъыбар гуфIэгъуэ яхуихьыну сохъуахъуэ!

**МЫЗ Ахьмэд,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Республикэ радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэ, къэбэрдей тхакIуэ.*

## Си гъащIэр епхауэ сопсэу



КъыгуэхыпIэ имыIэу си гъащIэр епхащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Си блэкIам сыхуеплъэкIыжмэ, 7-нэ классым сыщыкIуэ зэманым еджэн щIэздзащ «Ленин гъуэгум». Ар щIэсщIэжыращ: ди анэм кърихыкIырт газетри, абы зэзэмызэ къытрадзэрт къуажэкIэм дэт ди школым дыщезыгъаджэ ШэрIужь Iэуесрэ къуажэкум ит адрей еджапIэм щылажьэ Унэгъэс Мухьэрбийрэ я тхыгъэхэр. Абыхэм зридгъэщIагъуэу дыщытепсэлъыхьырт школым.

Газетым сэ нэхъ сыщыдихьэхар армэ нэужьырщ. Рассказ цIыкIухэр, гушыIэ кIэщIхэр схьырт «Ленин гъуэгум», абыхэм ящыщу мащIэ дыдэт традзэр, «тIэкIу цIынэIуэщ» жаIэрти, атIэми унэлъащIэхэр щагъэхьэзыр «Эльбрус» комбинатым шыпашэ цIыхухэм ятеухуа си IэдакъэщIэкI кIэщIхэр къытехуэрт. Апхуэдэхэр стхыну сытезыгъэгушхуэр Шыбзыхъуэ Мухьэдинт. А лIыр IэфIу сигу къызэринам шэч хэлъкъым. Си тхыгъэхэр зэрытридзэм, сыдэлэжьэну зэрыфIэкъабылым и закъуэтэкъым - и хьэл-щэныр, и щытыкIэр, и зэпIэзэрытагъэр щапхъэ хьэлэмэтт си дежкIэ: псалъэ лей жимыIэу, нэхъ зытегъэщIапхъэхэм гу лъыуигъатэу. ЦIыху къызэрыгуэкIт, дэпсэлъейхэм ящыщтэкъым.

Журналист IэщIагъэр къыхэсхыу радиом сыува нэужь, Шыбзыхъуэм иужькIэ нэIуасэ сыхуэхъуащ, садэлажьэу щIэздзащ Щхьэумэжь БетIал, Бекъан Чыланий, нэхъ иужьыIуэкIэ КIэрэф Хьэсэнбий сымэ. БетIал сигу къызэринэжар лIы лъагъугъуафIэу, мыдэ и Iыхьлы, и ныбжьэгъуфI IущIа фIэкIа умыщIэну, гуапэу, и нэгу зэлъыIухам узыIэпишэу сыт щыгъуи уригъэблагъэрт. «Рассказхэм нэмыщI, культурэм теухуауэ сыт хуэдэ хъыбар гъэщIэгъуэн зэхэпхмэ, тхыи къысхуэхь», - жиIэрт. ИкIи си IэдакъэщIэкI зыкъом тридзауэ зэрыщытар сощIэж.

Мэкъумэш IэнатIэм теухуауэ Чыланий и къэухьыр инт, республикэм колхозу, совхозу итым я нэхъыбапIэм я Iуэху зытетым щыгъуазэт. Ар мызэ-мытIэу згъэунэхуащ. А IэнатIэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и зы щапхъэ къинащ сигу. Колхоз гуэрым сыщыIауэ сыщIыхьат «Ленин гъуэгум». Чыланий къызоупщI: «Хэт ухуэза, сыт къыбжаIа?» «Гуэдзым зы гектарым мыпхуэдиз центнер къытрахащ», - жызоIэ зы бжыгъэ гуэр, дапщэми сщIэжыркъым. МащIэу къыпогуфIыкIри къыспедзыж: «Уэлэхьи, къытрамыха, дяпэкIэ тIэкIу хуэсакъ а къыпхуагъэлъагъуэ бжыгъэхэм». Гъавэ щагъэкI губгъуэ сихьамэ е фермэ сытехьамэ, «Чыланий пцIыхурэ?» жаIэу къызэупщIхэрт. ЗэрысцIыхур къащIамэ, сэлам есхыжыну къызэлъэIухэрт.

Чыланий щIыгъуу мэкъумэш IэнатIэм тетхыхьу щыта КIэрэф Хьэсэнбии ящыщщ илъэс куэдкIэ сызыдэлэжьахэм. ДызэщIыгъуу куэдрэ дежьащ: колхозхэм, совхозхэм, къуажэ губгъуэхэм, КъущхьэхъуI жыпIэми, ди лъэр Iэджэм нэсащ. ФIыуэ илъагъурт и лэжьыгъэр, фIэфIт цIыху къызэрыгуэкIхэм яIущIэну. УнафэщI щепсалъэкIэ, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу, псомкIи пкърыупщIыхьырт. Ар щIыжысIэращи, IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэртэкъым и къалэным.

Адыгэ газетым нэхъапэм Iутахэм, къэсцIыхухэм фIы зыхужумыIэн яхэту сщIэркъым, ауэ нэхъыбэу сызыдэлэжьахэм, зи шыфэлIыфэм фIыуэ сыщыгъуазэхэм ящыщу иджыри цIыхуитIым я цIэ исIуэну сыхуейт: Хьэх Сэфарбийрэ Хьэжыкъарэ Аликрэ. Псалъэзэблэдз сщIыну сытезыгъэгушхуари, абы хилъагъуэ някъусаныгъэхэр згъэзэкIуэжу сезыгъэсари Сэфарбийщ. Егъэлеяуэ жьэнахуэт, цIыху пэжт, Iужажагъэм, фэрыщIагъэм пэжыжьэт, «къулыкъущIэщ» жиIэу зыми зыхуигъэшынутэкъым.

Дэтхэнэ унафэщIми фIыуэ илъагъуу къыщIэкIынщ лэжьакIуэфIыр. Хьэжыкъарэ Алик радиом щыIукIыжым чэнджэщ естат газетым кIуэну. А лэжьакIуэшхуэр «Адыгэ псалъэм» къызэращтам езыри гупри зэи хущIегъуэжакъым: журналист Iэзэм хуабжьу лэжьыгъэшхуэ щигъэхьащ газетым.

Нобэ «Адыгэ псалъэм» Iутхэм сахоплъри хъуэпсэгъуэщ, гуп дыгъэлщ, зи IэщIагъэм хуэижьщ щылажьэхэр. Тхыгъэ купщIафIэ, гъэщIэгъуэн куэд традзэ. КIуэаракъэ, я щIакхъуэ Iыхьэр хьэлэлу къалэжьыж. Си гуапэщ газетым и пщэдейр нэхъыфIыж хъуну икIи ар зыIэрыхьэхэм, абы еджэхэм я бжыгъэми куэдкIэ хэхъуэну си хъуэпсапIэщ.

**ЗЭРАМЫЩIЭ Заретэ,**
*Уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, тхакIуэ, усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## Щытхъу фхуэфащэщ



Анэдэльхубзэр бзэм и IэфIыпIэщ. Ар зыхыдигъащIэу, лъэпкъ Iущыгъэм теухуауэ куэд къытохуэ «Адыгэ псалъэ» газетым. Абы зы блэзмыгъэкIыу соджэ. Сыхуейт лъэпкъ газетым, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм япэми хуэдэу цIыху нэхъыбэм яIэрыхьэну, щIалэгъуалэм я гум хыхьэу еджэну. Хуабжьу сэбэп хъунут газетым тет тхыгъэ хьэлэмэтхэм, журналхэм ит тхыгъэ купщIафIэхэм еджакIуэхэр щыдгъэгъуазэу щытамэ.

Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэр тхъумэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ дэтхэнэ зы адыгэми ди пщэ къыдохуэ. Нобэ ди лъэпкъ зэхэтыкIэр тIэщIэкIмэ, пщэдей дыхущIегъуэжынущ, дыIэбэми, дылъэIэсыжынукъым. ЩIэблэр фIым щIэтпIыкIмэ, къэкIуэну дахэ зэрыдиIэнуми шэч хэлъкъым.

Сэ сыкъапщтэмэ, сызэрыцIыкIурэ си Iэпэгъущ, «Адыгэ псалъэ» газетри «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэри. Ахэм бзэ гъэхуакIэ дыщагъэгъуазэ республикэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ псоми, лъэпкъым и IуэрыIуатэхэми, хъыбарыжьхэми, шыпсэхэми, хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэм ящыщхэм я псэукIэ-щыIэкIэхэми.

Псалъэм папщIэ, Хэкум къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэм я махуэм хухахауэ шыщхьэуIум и 1-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэм» тхыгъэ хьэлэмэт куэд тетащ. Дэтхэнэми си гум дыхьэу седжащ, икIи фIыщIэ фхузощI адыгэ щыпсэу республикищым я журналистхэр зэгъусэу абы фызэрелэжьым папщIэ.

Сынывохъуэхъу, лъэпкъым и набдзэ «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуэр бжыгъэ дахэ зэрыхъум папщIэ, ар зэIузэпэщу тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ дунейм къытехьэным папщIэ зи гуащIэ хэзылъхьэ журналистхэм фIыщIэ ин фхузощI. Фызыхуейм фи Iэр техуэу, узыншагъэ фыщымыщIэу, лъэпкъым фыхуэлажьэу, гукъеуэ фимыIэу, фи тхыгъэ хьэлэмэтхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэр дывгъэгуфIэу фи IэнатIэм фыпэрытыну си гуапэщ.

**Редактор нэхъыщхьэхэр**

# Мин 25-м дыхуэзышахэр



«**Адыгэ псалъэ**». *2026 гъэ, шыщхьэуIум и 3-м.*



**ХЪУРАН Батий**
***«Къэрэхьэлъкъ»***
*1924 - 1927*

**СЭХЪУ ?**
***«Къэрэхьэлъкъ»***
*1930 гъэм и щIышылэм (январым) и 24-м щегъэжьауэ (и сурэт щыIэкъым)*



**СИБЭЧ Жэмалдин**
***«Къэрэхьэлъкъ»***
*1930 гъэм мэлыжьыхь (апрель) - шыщхьэуIу (август)*

**АФIЭУНЭ Мухьэмэд**
***Ленин гъуэгу»***
*1933 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10-м щегъэжьауэ (и сурэт щыIэкъым)*

**БЕЙТОКЪУ Мухьэмэдмырзэ**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»***
*1936 гъэм и фокIадэм (сентябрым) и 17 пщIондэ (и сурэт щыIэкъым)*



**СРЫХЪУ Хьэгуцырэ**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»***
*1936 - 1937*



**ЩОМАХУЭ Амырхъан**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»***
*1938 - 1939, 1943 -1944*



**СЭХЪУ Къэрэщей**
***«Ленин гъуэгу»***
*1961 - 1970*



**ЛIЫБЕКЪУЭ Хьэбас**
***«Ленин гъуэгу»***
*1970 - 1978*



**ТIАЖЬ Пётр**
***«Ленин гъуэгу»***
*1979 - 1982*



**МЭЗЫХЬЭ Борис**
***«Ленин гъуэгу», «Адыгэ псалъэ»***
*1982 - 1997*



**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**
***«Адыгэ псалъэ»***
*1997 - 2021*

***Редактор нэхъыщхьэ*** **Жыласэ Заурбэч** - МГУ-м журналистикэмкIэ и факультетыр 1987 гъэм къызэриухрэ щолажьэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм щыпэрыта къэхъуами. Корреспонденту, къудамэм и унафэщIу, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ. 2021 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***УнафэщI-редактор*** **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** - 1979 гъэ лъандэрэ щолажьэ, корректорым и дэIэпыкъуэгъуу иригъажьэри къыдэзыгъэкIыу, корректору, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу, жэуап зыхь секретару щытащ. 2006 гъэ лъандэрэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ (унафэщI-редакторщ). КъБКъУ-р къиухащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***УнафэщI-редактор*** **Ширдий Маринэ** - 1997 гъэм щыщIэдзауэ щолажьэ, корреспонденту, къудамэм и унафэщIу щытащ. 2006 гъэ лъандэрэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ (унафэщI-редакторщ). КъБКъУ-р къиухащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***Жэуап зыхь секретарь*** **Къаншокъуэ Эллэ** - 1996 гъэ лъандэрэ щолажьэ, газетым и компьютер IэнатIэм къыщыщIидзэри жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ хъуащ. 2016 гъэм щегъэжьауэ жэуап зыхь секретарщ. КъБКъУ-р къиухащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

***КъыдэзыгъэкI редактор*** **ПхытIыкI (ДыщэкI) Соня** - 1978 гъэ лъандэрэ щолажьэ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ. 2016 гъэм щегъэжьауэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэщ (къыдэзыгъэкI редакторщ). Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***КъыдэзыгъэкI редактор*** **Хьэхъужь Иринэ** - 2001 гъэм бухгалтеру лэжьэн щыщIидзащ. 2021 гъэм щегъэжьауэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэщ (къыдэзыгъэкI редакторщ). Экономикэмрэ информацэ технологиехэмкIэ Налшык дэт колледжыр къиухащ.

***КъыдэзыгъэкI редактор*** **Джатокъуэ Залинэ** - 2010 гъэ лъандэрэ щолажьэ, журналистхэм я Iэрытххэр тридзэу иригъажьащ. 2016 гъэм щыщIэдзауэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэщ (къыдэзыгъэкI редакторщ). Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Редактор*** **Жыласэ Маритэ** - 1987 гъэм МГУ-м журналистикэмкIэ и факультетыр къызэриухрэ щолажьэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм щыпэрыта къэхъуами. Корреспонденту, къудамэм и унафэщIу щытащ. 2003 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***Редактор*** **Хьэщыкъуей Олег** - 1999 гъэ лъандэрэ щолажьэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм щыпэрытам зэпигъэуами. Корреспонденту къыщIидзащ, къудамэм и унафэщIу щытащ. 2025 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторщ. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер къиухащ.

***Редактор*** **ЩхьэщэмыщI Изэ** - 2001 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэриухрэ щолажьэ. Корреспонденту къыщIидзащ. 2009 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIщ. Москва и финанс-юридическэ академиери къиухащ. Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***Редактор*** **НэщIэпыджэ Замирэ** - 2002 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэриухрэ щолажьэ. Корреспонденту къыщIидзащ. 2012 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIщ. Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыIэри къиухащ. Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я журналистщ.

***Редактор*** **Къумахуэ Аслъэн** - 2010 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Корреспонденту къыщIидзащ иджы къудамэм и унафэщIщ. КъБКъУ-р къиухащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

***Редактор*** **Багъэтыр Луизэ** - 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэриухрэ щолажьэ. 2020 гъэм КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

***Редактор*** **Гугъуэт Заремэ** - 2012 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Редактор*** **ШэрIужь Даянэ** - 2026 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корреспондент*** **Уэрдокъуэ Женя** - 1974 гъэм къыщыщIэдзауэ газетым и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.

***Корреспондент*** **Истэпан Залинэ** - 2001 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэриухрэ щолажьэ. Корреспонденту къыщIидзащ. 2012 гъэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIщ. Абы къыдэкIуэу, 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарщ.

***Корреспондент*** **Жыласэ Замир** - 2005 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыри щеджэу лэжьэн щыщIидзащ. ИлъэсиплIым нэблэгъауэ дзэ Iуэху хэхам ираджауэ офицеру щыIэщ.

***Корреспондент*** **Фырэ Анфисэ** - 2007 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корреспондент*** **ТекIужь Заретэ** - 2009 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корреспондент*** **Чэрим Мариannэ** - 2011 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корреспондент*** **Табыщ Мурат** - 2019 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корреспондент*** **Нэзрэн Раисэ** - 2025 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Сурэттех-дизайнер*** **Бицу Жаннэ** - 1997 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Сурэттех*** **Хадоновэ (Къарей) Элинэ** - 2007 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корректор*** **Щоджэн Иннэ** - 1986 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыри щеджэу, «Адыгэ псалъэм» лэжьэн щыщIидзащ. Шэджэм районым къыщыдэкI «Голос Чегема» газетым 1996 лъандэрэ щыIэщ, иужь илъэсхэм редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ.

***Корректор*** **Щоджэн Заирэ** - 1993 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корректор*** **Нэужьокъуэ Заирэ** - 2007 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Корректор*** **Елмэс ФатIимэ** - 2011 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыри щеджэу, лэжьэн щыщIидзащ.

***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщI*** **Щомахуэ Мариannэ** - 1994 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщI*** **Ныр Саидэ** - 1996 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Налшык дэт технологие техникумыр къиухащ.

***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщI*** **Дол Маринэ** - 2002 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер къиухащ.

***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщI*** **Къуэдзокъуэ Анжелэ** - 2002 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***IэщIагъэлI пашэ*** **Ажахъуэ Лянэ** - 2015 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

***Автомашинэзехуэ*** **Соблыр Хьэсэнбий** - 2019 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Афган зауэм хэтащ икIи «И хахуагъэм папщIэ» медалитIрэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылърэ къыхуагъэфэщащ.



**КЪАРДЭНГЪУЩI (Къардэн) Хъалид**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»***
*1939 - 1940*



**ФЭНЗИЙ Исмел**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», «Къэбэрдей пэж»***
*1940 - 1941, 1947 - 1948*



**КЪУЩХЬЭ БетIал**
***«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»***
*1941*



**ДАЛ Iэуес**
***«Къэбэрдей пэж»***
*1948 - 1951*



**МАХУЭ Анатолэ**
***«Къэбэрдей пэж»***
*1951 - 1955*



**ДОЛ Батырбий**
***«Къэбэрдей пэж», «Ленин гъуэгу»***
*1955 - 1961*



**ЖЫЛАСЭ Заурбэч**
***«Адыгэ псалъэ»***
*2021 гъэм щыщIэдзауэ*

# Тыгъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ

**ЛIэщIыгъуэ псо къызэзынэкIа ди газетым и пщIэр лъагэу щаIэта лъэхъэни, къыхуащI гулъытэм нэхъ щыкIэрыхуа зэмани иIащ. Ар республикэ тхыдэм къыпхугуэмыхын и Iыхьэ хъуа пэтми, езы «Адыгэ псалъэми» щхьэхуэу ехъумэ ича лъэбакъуэ зэхуэмыдэхэр нэгум къыщIэзыгъэувэ дамыгъэхэр, и цIэр къызытещ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр.**

ЗИ гугъу тщIы тхыдэ къудамэр къызэIутхынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ КъБР-м и зэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэр, псом хуэмыдэу ди газетым къыдэлажьэ зэпыт, «Адыгэ тхылъхэр» тыкуэныр зыгъэлажьэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес. Ди газетым зэрихьэу щыта фIэщыгъэхэр уигу къэзыгъэкIыж фэеплъ гуп зэригъэуIуам къыщымынэу, абы газетым и блэкIамрэ и нобэмрэ зэбгъэпщэну, фэеплъхэр дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ яхуэхъуа къэхъукъащIэхэм защыбгъэгъуэзэну Iэмал къозыт тхылъжьей къыдигъэкIащ.

Латин Iэлыфбейр и лъабжьэу зэхалъхьауэ щыта хьэрфылъэм деж къыщрегъажьэ «Адыгэ псалъэм» и тхыдэм, 1924 гъэм. УрысыбзэкIэ къыдэкI «Карахалк» газетым и лъэпкъыбзэ къудамэт ипэрей «Къэрэхьэлъкъыр». Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт ЩоджэнцIыкIу Алий 1925 гъэм иусауэ щыта «Къэрэхьэлъкъ» газетым и тхьэусыхэр»:

**Тхьэмахуищк1э уи бзэ еджи,**
**Сэ къызэджи сынэкIуэнщ.**
**Зэхуэхамэу дыщымыту,**
**ТIури зэшу дежьэжынщ.**

Нобэ ди газетым и тхыдэм дыщIриплъэж щхьэусыгъуэр абы и номер мин 25-нэр къызэрыдэкIырщ. Уи лъэпкъыбзэкIэ газет мин 25-рэ дунейм къытехьэным и мыхьэнэр къыбгурыIуэн папщIэ, абы къытехуа псоми укъемыджэнкIэ Iэмал имыIэу щыткъым. Тхыбзэ зиIэ лъэпкъыр щыIэщ. Абы къикIращи, дыгъуасэ псэуар пщэдей къалъхунум зэрылъэIэсын Iэмалыр зыIэщIэдгъэкIакъым, щIэныгъэншагъэм дызэребгъэрыкIуэфыну Iэщэхэм я нэхъ лъэщыр - адыгэ хьэрфыр - тIэщIэлъщ.



1962 гъэм мазаем и 27-м КъБАССР-м и Совет нэхъыщхьэм «Ленин гъуэгу» газетым хуигъэфэщауэ щытащ и номер мини 10-р къызэрыдэкIым папщIэ «КъБАССР-м и Совет нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ».

«Адыгэ псалъэ» цIэр зэрихьэу, 1999 гъэм газетым игъэлъэпIауэ щытащ номер мин 19-нэр къызэрыдэкIар. АбыкIэ газетым къехъуэхъуат балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI «Заман»-р. «Редакцэм къыбгъэдэкIыуи, си щхьэкIи «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ псоми сохъуэхъу газетыр илъэс 75-рэ зэрырикъуамрэ и номер мин 19-нэр къызэрыдэкIамкIэ!» - дыкъыщоджэ зи ахърэтыр нэху хъун, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэу а лъэхъэнэм щыта Аттаев Жэмал и хъуэхъу тхылъым.

2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м КъБР-м и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щызэхэтауэ щытащ «Адыгэ псалъэм» и номер мин 20-нэр къызэрыдэкIам егъэщIылIа пшыхь.

Илъэс бжыгъэм тещIыхьауэ газетым кърата тыгъэхэм я гугъу тщIымэ, «Ленин гъуэгур» илъэс 50 щрикъум ящIат бгъэхэIурэ конвертрэ. Абы мащIэу теплъэкIэ къыщхьэщыкIырт «Ленин гъуэгур» илъэс 60 щрикъум ягъэхьэзырар.

«Адыгэ псалъэ» цIэр игъуэта нэужьи газетыр гулъытэншэу къэнакъым. Ар илъэс 95-рэ щрикъум ягъэхьэзыра бгъэхэIум адыгэ ныпымрэ абы и щIыIум щызэблэдза шабзищымрэ къытощ. Илъэси 100-м ирихьэлIэу ягъэхьэзыра дамыгъэм щыдолъагъу илъэс бжыгъэхэр: 1924 - 2024. Нэхъ дахэжщ ди газетыр зэрызэхэт псалъитIым я япэ хьэрфхэм къыхэщIыкIа, япэ напэкIуэцIым и сэмэгу къуапэм махуэ къэс щыфлъагъу А-мрэ П-мрэ щызэхэухуэна бгъэхэIу цIыкIури.

Газетым и дамыгъэ мыкIуэдыжынщ «Ленин гъуэгум» къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэм, медалхэм, дипломхэм я теплъэри. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ газетымрэ абы и редакцэмрэ къэрал саугъэткIэ къыхагъэщауэ щытащ 1962, 1974, 1984, 2008, 2014, 2021 гъэхэм. Зи гугъу тщIа брошюрэм итщ езы газетым нэхъ жыджэру къыхуэтхэ щIэджыкIакIуэхэм яхуигъэфащэу щыта щIыхь тхылъым и сурэтыр. А псори тхыдэщ, а псори лъэпкъым къикIуа щIэныгъэ гъуэгуанэщ, зыщыбгъэгъупщэ мыхъуну.

Гулъытэ хуэфащэщ «Адыгэ псалъэр» илъэсищэ зэрырикъуамрэ накъыгъэм и 9-м ягъэлъэпIа ТекIуэныгъэм и махуэмрэ зэригъэуIуу, Тхьэкъуахъуэ Iэуес Хэку зауэшхуэм хэкIуэда журналистхэм яхуигъэфэща открыткэми. Дамыгъэм и IуплъапIэм щыболъагъу Хэку зауэшхуэм хэту зи псэр ТекIуэныгъэм щIэзыта ди лэжьэгъу нэхъыжьхэм я цIэ-унэцIэхэр. Тхыгъэ кIэщIым дыкъыщоджэ: «Ленин гъуэгу» газетым и журналистхэу Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945) хэкIуэдахэр: Абыдэ Залымхъан Нухь и къуэр, Бжьэдыгъу Шамсэдин Мусэ и къуэр, КъардэнгъущI Хъалид Шухьиб и къуэр, Шыд Ибрэхьим Хьэцу и къуэр, Шыгъушэ Пщыкъан Жанхъуэт и къуэр». Абы и щIыбагъым къыдэтщ «Полк уахътыншэм» хэт ныбжьыщIэхэм къаувыхьа, ТекIуэныгъэм и фэеплъыр. Открыткэр гъэщIэрэщIащ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «КъБР-м и зэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм» я дамыгъэхэмкIэ. Къинэмыщlауэ, абы и ижьырабгъу лъэныкъуэм тегъэуащ ди газетыр илъэси 100 зэрырикъур къэзыгъэлъагъуэ илъэс бжыгъэхэр: «Адыгэ псалъэ»: 1924 - 2024». Абдеж дыдэм, нэхъ илъабжьэIуэу, открыткэр Пощтым щиутIыпщ махуэмрэ щхьэусыгъуэмрэ къэзыгъэлъагъуэ мыхъурым къыхэIущIыкIа псалъэхэри къытощ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр». Урысей. Налшык. 08.05.2024». Зи гугъу тщIы открыткэм хуэдэу 200 къыдагъэкIащ.

ХьэпшыпхэмуакъыфIэкIмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и цIэр щэнхабзэм и Iыхьи хъуащ, уэрэдхэр, усэхэр хуагъэфэщащ Бозий Людин, IутIыж Борис, Джэдгъэф Хъусен сымэ.

«Адыгэ псалъэр» илъэсищэ щрикъуам, ди махуэшхуэм и дамыгъэр къызытещ конверт япэ дунейм къытехьащ. Абы и гъусащ открыткэхэри, уеблэмэ «Адыгэ псалъэ» тебзэ зиIэ шоколад цIыкIухэри.

Ахэр ди тхыдэу номер мин 25-м дыкъэсащи, ди гъусэу адэкIи гъуэгуанэм пызыщэнухэм депцIыжыну ди мурадкъым.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# «Ленин гъуэгу»-у щыщыта лъандэрэ

***Терекскэ (Болэтей) къуажэм щыщ КЪЭБАРТ Къэралбий, илъэс куэд хъуауэ ди газетыр и Iэпэгъущ:***

- «Адыгэ псалъэ» газетыр унагъуэкIэ тыдодзэ, ар «Ленин гъуэгуу» щыщыта зэман лъандэрэ. ДыщыцIыкIум, щIэпыр пхыр ящIурэ, пщыIэ хуэдэу зэраупсейрт. «ЩIэпкъуз» жаIэрт абы щхьэкIэ. Абы щыгъуэм дэри губгъуэм дыздашэрт. Зэгуэр гъуэмылэ кIуэцIылъу абы нахьа газет кIапэм тет зы тхыгъэм си нэр техуэри, седжат. Абы щегъэжьауэ газет еджэныр хьэлу зыхэслъхьащ.

Армэм сыкIуа нэужь, си шыпхъухэм сакъыщыхуэтхэкIэ, яжесIэрт: «Адыгэ псалъэр» къыдэкIрэ, къевгъэхьрэ, феджэрэ, сытхэр ятхрэ? - жысIэурэ. КъахуэсIуэхурт газет нысхурагъэхьыну. Къулыкъу къыздэзыщIэхэм яхэт адыгэ щIалэхэм сакъыхуеджэрт абы. Мис апхуэдэу пасэу «Адыгэ псалъэр» ныбжьэгъу схуэхъуащ.

АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр тезыдзэхэм я бжыгъэр зэрымащIэр дигу къоуэ. Ар традзэным дэ дызылъэIэс цIыхухэр тыдогъэгушхуэ. «Адыгэ псалъэр» фи унэхэм щIэвгъэлъ. ЗыгуэркIэ фи цIыкIухэр дихьэхыу щIаджыкI хъунуми фщIэркъым», - яжызоIэ сэ сцIыхухэм. Къуажэм дэт курыт еджапIэм и хъумакIуэу солажьэри, газетым Iэ тедзэным теухуауэ егъэджакIуэхэми си гупсысэ язохьэлIэ. Ди ныбжьэгъу нэхъыжь Наурзокъуэ Толэ адыгэ газетыр игъэлъагъуэу, унагъуэ-унагъуэкIэ къикIухьурэ Iэ щытригъэдза къэхъуащ.

Газетыр сфIэфIу зэрыщIэзджыкIыр бжесIащ. Мыбыи гу лъыстащи, бжызоIэ: фи журналистхэм я нэхъыбэр бзылъхугъэщ. АтIэ си гуапэ мэхъу бзылъхугъэ цIыкIухэм фи гупсысэр зэрыбзыгъэр, фызытепсэлъыхьхэр кууэ къызэрыфтIэщIыр. Фызытетхыхьым и мыхьэнэр къызэрывгурыIуэр нэрылъагъущ, жыхуэсIэщ. Абы теухуауэ щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ Чэрим Марианнэ. И газет тхыгъэхэр хьэлэмэтщ, «IуащхьэмахуэI» журналым Iыхьэ-Iыхьэурэ къытехуа и романри сыдихьэхыу щIэзджыкIащ. Сабийхэм папщIэ щхьэпэ дыдэу къызолъытэ газетым абыхэм щахухэфха «ЦIыкIураш» Iыхьэр. Сыту жыпIэмэ, цIыкIуу ебгъажьэу ар зыщIупIыкI Iущыгъэм игъащIэкIэ ифI къекIыжынущ.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. 1924 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэхэту къыщыдэкIа газетым и цIэр. **5**. «Ленин гъуэгум», «Адыгэ псалъэм» илъэс 50-кIэ щылэжьа, Куба къуажэм щыпсэу журналист Iэзэ. **7**. 1950 гъэхэм и кум «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта ... Батырбий. **9**. Мэкъумэш IуэхухэмкIэ газетым и къудамэм и нэхъыжьу илъэс IэджэкIэ лэжьа Бекъан ... **11**. Ди щIыналъэм япэу адыгэбзэкIэ къыщыдэкIа газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта ... Батий. Абы и цIэр фIащащ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **12**. «Адыгэ псалъэ» газетым и гуэдзэну къыдэкIыу щыта газет щхьэхуэ. **15**. Нобэ газетым Iут лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ.( и цIэр) **16**. ТхакIуэ, «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэу, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта. **17**. Адыгэ газетым 1944 гъэм зэрихьэу щIидза цIэ: «Къэбэрдей ...». **18**. Газетым къытрадзэ псалъэзэблэдзым куэдрэ узыщрихьэлIэ псалъэ: « ... хъунур шкIэ щIыкIэ къощIэ». **21**. Ди лъэпкъ газетым нэхъапэхэм щылэжьахэу Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Бэрбэч Зубер, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыта Джэрыджэ Арсен сымэ къыщалъхуа районым нобэ зэреджэр. **23**. Къэбэрдейм и япэ лъэпкъ газетыр, «Адыгэ макъыр», Цагъуэ Нурий щIыгъуу къыдэзыгъэкIа узэщIакIуэ ... Iэдэм. **24**. УсакIуэ, щэнхабзэмкIэ газетым и къудамэм щылажьэу щыта, Кэнжэ щыпсэу ... Петр. **26**. Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуа усакIуэ цIэрыIуэ, «Ленин гъуэгум» и лэжьакIуэу щыта. **27**. «Адыгэ псалъэм» Iутхэр зыщIэс унэр ... 12-у зэтетщ. **28**. Газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу ... **30**. Газетым къытрадзэ псалъэзэблэдзхэм хэту мызэ-мытIэу узрихьэлIэ псалъэ: пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **32**. Сабийхэм папщIэ «Адыгэ псалъэм» къытрадзэ хабзэщ таурыхъи, псыси, ... **33**. ЩIэджыкIакIуэхэр дехьэх щэбэт махуэхэм ... псалъащхьэм щIэту къытрадзэ напэкIуэцIым. **35**. «Адыгэ псалъэм» и корреспондент Къанкъул ... **36**. Газетым и лэжьакIуэ, нобэ Къэбэрдейм диIэ бзылъхугъэ усакIуэ нэхъ Iэзэхэм ящыщ.

***Къехыу:*** **1**. Ди лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэу, жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, журналистхэу Чэрим Марианнэ, Бэгъэтыр Луизэ, нэхъапэм абы Iутахэу сурэттех Щомахуэ Владимир, Бэгъэтыр Аркадий, Тэнащ Анатолэ, Къудей Владимир, Ныбэжь Таисэ, Щомахуэ Залинэ сымэ я район. **2**. «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэр щогугъ я Iуэхум пщэдей пызыщэн ... хъарзынэ лъэпкъым къытхэкIыну. **3**. Газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч, лэжьакIуэ пажэхэу НэщIэпыджэ Замирэ, Жыласэ Маритэ (Щхьэлыкъуэ ирашри а жылэм яшащ), Бицу Жаннэ, нэхъапэм газетым Iута, еджагъэшхуэ Къэмбэчокъуэ Iэдэм сымэ я къуажэ. **5**. «Адыгэ псалъэм» и унафэщIым и къуэдзэ. **6**. «Ленин гъуэгум» къытрадзауэ щытащ КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэ «Зеич ...». **8**. Адыгэ газетым и журналист Iэзэхэу ЩхьэщэмыщI Изэ, Истэпан Залинэ, Къумахуэ Аслъэн, ТекIужь Заретэ сымэ къыщалъхуа район. **10**. Лъэпкъ газетыр иригушхуэу мызэ-мытIэу зытепсэлъыхьа, игъэлъэпIа адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и къэрал саугъэтыр зрата, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь МэшбащIэ ... **12**. «Адыгэ псалъэм» куэдрэ дигу къегъэкIыж лIэщIыгъуэ кIуахэм ... Iуфэм минищэ бжыгъэкIэрэ щыпсэуа ди лъэпкъэгъухэм я къекIуэкIыкIар, я тхыдэр. **13**. Илъэс куэдкIэ «Ленин гъуэгум» Iута журналист гуащIафIэ, Урожайнэ къуажэм къыщалъхуа ... Хьэдис. **14**. «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ, «Хьэтхэр» романышхуэри нэгъуэщI тхыгъэ купщIафIэхэри зи IэдакъэщIэкI. **19**. Газетым къытехуэ псалъэзэблэдзхэм хэту узрихьэлIэ унагъуэ псэущхьэ. **20**. Зи IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр мызэ-мытIэу газетым къытехуа еджагъэшхуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди республикэм и институтым и лэжьакIуэ. **22**. Iэщэ: газетым къытрадзэ псалъэзэблэдзхэм хэту урохьэлIэ. **23**. Зауэ нэужьхэм газетым и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, Куба къуажэ къыщыхъуа ... Iэуес. **24**. «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыта, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ТIымыжь ... **25**. Газетым мы зэманым щылажьэхэу Уэрдокъуэ Женя, Табыщ Мурат, Хьэщыкъуей Олег, нэхъапэм редактор нэхъыщхьэу щытахэу ЛIыбекъуэ Хьэбасрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ, Къэрмокъуэхэ Мухьэмэд, Хьэмид, газетым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьахэу Кхъуэлуфэ Хьэчим, Уэрэзей Афлик, дохутыр IэщIагъэм ирилажьэ ПщыукI Латмир, Мамбэт СэIэдулэ, Щоджэн Iэминат, Шафий Аслъэн сымэ къыщалъхуа район. **26**. Газетым традзэ псалъэзэблэдзхэм хэту узрихьэлIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **29**. «Адыгэ псалъэр» зытетхыхьа адыгэ спортсмен цIэрыIуэ, дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа ... Борис. **31**. ШыкъумцIий IущагъкIэ зытекIуа уд фызыжь - псалъэзэблэдзхэм хэту урохьэлIэ. **34**. «Адыгэ псалъэм» и къудамэм и унафэщIу лэжьа журналист Iэзэ Хьэжыкъарэ ... **36**. «Ленин гъуэгум» щэнхабзэмкIэ и къудамэм и нэхъыжьу щыта ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и роман « ... псори къонэ».

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътIанщ**.



● Жыжьэ - гъунэгъу



Республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ къыщыдагъэкIыу щыта IуэхущIапIэр. *1982 гъэ*

# БлэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэхэр

**Мы сурэтхэм щыфлъагъу унэхэрщ «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуэхэм я нэхъыбапIэр щагъэхьэзырар. И нэхъыбапIэр щIыжытIэр, ди лъэпкъ газетыр нэхъ пасэм къыдэзыгъэкIахэр нэгъуэщI IуэхущIапIэ зыбжанэми щIэсащ зэман зэхуэмыдэхэм.**

ДИ нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэм къызэрыхэщыжу щытамкIэ, зыкъомрэ я хэщIапIэр яхъуэжурэ къекIуэкIа нэужь, газетхэм (абы урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ къыдэкIыу щытахэм я редакцэхэри яхэту) я лэжьакIуэхэм 1933 гъэм хухахауэ щытащ Ленинымрэ Лермонтовымрэ я цIэхэр мы зэманым зезыхьэ уэрамхэм я зэпыхьэпIэм деж хуэзэ унэшхуэм щыщ Iыхьэр. КъатиплIу зэтет а унэм щIыхьэпIитI иIэт, редакцэхэм нэмыщI «Къэббалъкъпотребсоюз» IуэхущIапIэри щылажьэрт.

Редакцэхэм пэш бжыгъэхэр ятегуэшат, я щIыхьэпIэр зыхуэзэр Лермонтовым и цIэр зезыхьэ лъэныкъуэрт. Адыгэ газетым и лэжьакIуэхэр щIэст 3, 4-нэ къатхэм щыхухаха пэшхэм - псори зэхэту тIощIым нэблагъэм. ЛэжьакIуэхэр икъукIэ щыгуфIыкIауэ щытат абы къызэрагъэIэпхъуам - нэхъапэм корреспондентхэр псори зэхэсу, зы пэшышхуэм щIэсу арат. Дауи, апхуэдэу узэхэлэжьыкIыныр икъукIэ гугъут, апхуэдэу щытми, я къалэным дэгъуэу ехъулIэрт журналистхэр.



**Печатым и унэр**. *2015 гъэ*

Хэку зауэшхуэм и зэманми газетыр къыщыдэкIащ а унэм. ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, КIуэкIуэ Къэрэжан, Куэт Цоцэ сымэ, нэгъуэщIхэми я гукъэкIыжхэм къыхэщыжри а унэрщ. Фашистхэм къалэм топышэхэр къыдадзэу, езыхэм газетыр ягъэхьэзыру зэрыщытам теухуа тхыгъэхэр къытеддзэжауэ щытащ нэхъ пасэу. Абы типографием и газет цехри къыпытти, коллективитIми я Iуэхур нэхъыфIу зэтеухуа хъурт. Iэрытххэр машинкэкIэ тедзэнми, еджэжынми, линотипкIэ къэщыпынми, газетыр зэпкърылъхьэнми пыщIа лэжьыгъэхэр зэдэууэ ирагъэкIуэкIырт.

Илъэс хыщIрэ тIурэ хуэдизкIэ щылэжьащ ди редакцэр мы унэм. Ди гур хэзыгъахъуэхэр мащIэтэкъым, дигури ди псэри IэнатIэм етауэ, жэщ-махуэ димыIэу ди къалэнхэри щIытхуэгъэзащIэри арат. Сыт и уасэт абы и бжэIупэм гъатхэм къыщыгъагъэ щхъуэмчжыг дахащэхэр! Абы къыпыкIахэр хъуа нэужь лындыжу, кхъуэщыныфэу къещэщэхырти, ди Iэгухэм щыдгъэджэгуу къэтщыпырт.

Илъэс щэщIым щIигъукIэ узэIэбэкIыжмэ, республикэм и газетхэмрэ журналхэмрэ я редакцэхэр Печатым и унэм къагъэIэпхъуащ. А зэманым абы зэреджэр редакцэ-къыдэзыгъэкI IуэхущIапIэт.

Унэр яухуащ архитекторхэу Проценкэ Сергей, Кирьязев Александр, Логоватовский Юрэ, конструктор Помогайченкэ Олег сымэ я проекткIэ. А лэжьыгъэм папщIэ абыхэм 1998 гъэм хуагъэфэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм архитектурэмкIэ и Къэрал саугъэтыр.

Ухуэныгъэр зэрекIуэкIыр зи нэIэ щIэтар, проектым къыщыгъэлъэгъуа мардэ псоми тету ар езыгъэщIар инженер ЖьэкIэмыхъу Хьэлымщ. Абы зэрыжиIэмкIэ, мы унэр дуней къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэ шынагъуэхэм, псалъэм папщIэ, щIыхьейхэм, япэщIэтыфын хуэдэу ящIащ. Бетонрэ гъущIхэкIыу абы халъхьам хуэдиз а зэманым зрахьэлIа ди республикэм къыщыгъуэтыгъуейуэ жеIэ Хьэлым.

Печатым и унэр Налшык къалэ и уэрам нэхъыщхьэм и ухуэныгъэ нэхъ екIуэхэм ящыщщ. Абы и епщыкIутIанэ къатым утету ди къалащхьэм и щIыпIэ куэд уи Iэгум илъым хуэдэу уолъагъу, ухоплъэ къат куэду зэтет унэхэм, парк дахэхэм. Ди унэр сурэттеххэм куэдрэ къыщIагъэсэбэпри аращ - ихъуреягъкIэ щыIэ дахагъэр цIыхухэм ирагъэлъагъу.

ТыншыпIэ псомкIи къызэгъэпэща унэр ята нэужь, пхъэидзэ ящIауэ щытащ, щхьэж къылъысыну къатыр къагъэнэхуэн папщIэ. Абы ипкъ иткIэ 9, 10-нэ къатхэр хухахауэ щытащ «Адыгэ псалъэм».

Мыбдежым дигу къэдгъэкIыжыну дыхуейщ компьютеркIэ газетыр гъэхьэзырын Iэмалыр ди щIыналъэм къызэрысу абы япэу хуэкIуар «Адыгэ псалъэрауэ» зэрыщытари. Газетыр щхъуэкIэплъыкIэу къыдэкIыным теухуа Iэмалри япэу щыхапщар ди дежщ. Псыпэхэш, гъуэгугъэлъагъуэ къалэныр мытыншми, газетым и лэжьакIуэхэр а Iэмалхэм пасэу зэрыхэзэгъам езыхэми сэбэп къахуэхъужащ - иджы ахэр зыпэмылъэщын журналист къалэн къэгъуэтыгъуейщ. Ди лэжьакIуэ псори хуэшэрыуэщ зэманыщIэм къыдэкIуа технологиехэм.

Мы унитIми ятеухуауэ дигу къэдгъэкIыжынхэр ди мащIэкъым, тхыгъэ зыубгъуа тебухуэнуи хуэфащэщ, печатым и тхыдэм абыхэм ехьэлIауэ куэд зэрыщумыгъуэтынур къэплъытэмэ. А къалэнри зи пщэ дэлъыр блэкIар зи нэгу щIэкIауэ ар нобэрей зэманым пызыщIэжыфынухэрщ.

**САНЭ Ринэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымуэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.091
Заказыр №1653
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 2-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.